**Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў министрлигинин “Балаларды социаллық қорғаў хәм коллап-қуўатлаў” секторының район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери тәрепинен улыўма отра билим бериў мектеплеринде жас өспиримлер хәм жаслар арасында ата-анасы узақ мүддетке Республикадан шығып кеткен, қадағалаўсыз қалған жасларды анықланған хаққында**

# МАҒЛЫЎМАТ

Қарақалпақстан Республикасы халықи билимлендириў министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинин 2021-жыл 9-апрельдеги 01-09/13-04/397-санлы исши топар дизими тийкарында, барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине 2021-жыл 16-апрель 03-03/02-1938-санлы хаты шығарылып, район(қала) халық билимлендириў бөлимлеринде, жас өспиримлер арасында хуқықбузарлықтын алдын алыў хәм ата-анасы узақ мүддетке Республикадан шығып кеткен жасларды анықлаў мақсетинде, исши топар дузилип, жумысларды муўапықластырыў бойынша илажларды әмелге асырымақта.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинин 2021-жыл 16-апрель 01-08/13-04/177-санлы баянламасы тийкарында, Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги менен биргеликте қоспа ис-илажлар режеси ислеп шығылды.

Район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлеринде исши қурамы дузилип, бөлимге қараслы улыўма орта билим бериў мектеплеринде ата-анасы узақ мүддетке Республикадан шығып кеткен хәм қадағалаўсыз қалған жас өспиримлер саны район(қала) кесиминде бугунги күнде үйрениў барысында төмендеги анықланды:

1. Әмиўдәрья районы-331 оқыўшы;
2. Беруний районы- 208 оқыўшы;
3. Елликқала районы-85 оқыўшы ;
4. Торткүл районы -164 оқыўшы ;
5. Мойнақ районы – 20 оқыўшы;
6. Конырат районы -6 оқыўшы ;
7. Канлыкөл районы- 2 оқыўшы;
8. Шоманай районы-0 ;
9. Хожели районы-177 оқыўшы ;
10. Тақыятас районы- 4 оқыўшы;
11. Нөкис қаласы- 48 бала, даўам етпекте;
12. Тахтакөпир районы- 32 оқыўшы ;
13. Қараөзек районы-17 оқыўшы;
14. Шымбай районы -32 оқыўшы;
15. Кегейли районы-30 оқыўшы ;
16. Бозатаў районы-10 оқыўшы ;
17. Нөкис районы- 8 оқыўшы .

Жас өспиримлер анықланды.

Анықланған жас өспиримлер ҳәм жаслар арасында ата-анасы узақ мүддетке Республикадан сыртқа шығып кеткен ҳәм басқа себеплерге қараўсыз қалған жас өспиримлер район(қала)лық халық билимлендириў бөлими қәўендерлик ҳәм әменгерлик органлары методистлери тәрепинен қәўендер ҳәм әменгер бекитилиўинде жумыслар алып барылып атыр.

Бул жас өспиримлердин бос ўақытларын мазмунлы өткериў бойынша, мектеплерде пән дөгереклер, спорт, музыка ҳәм басқада дөгереклерине қамтылыўын үйренилди.

Жас өспиримлердин ҳәм жаслардың улыўма орта билим бериў мектеплеринде Мәлимлеме-ресур орайына, олардын саўатханлығын арттырыў мақсетинде оқыў әдебиятлары менен тәмийнлениўи ҳәм орайға ағза болыўларын үйренилди.

Жасларымызды Ўатан сүйишилик руўхында тәрбиялаў, олар арасында хуқықбузарлықтын алдын алыў бойынша үгит-нәсият жумыслары алып барылмақта.

КР ХБМ “Балаларды социаллық қорғаў
ҳәм қоллап-қуўатлаў” секторы қәнигеси Г.Бегжанова